



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RÈGLEMEN KE YO PWPOZE POU AMELYORE  
KALITE LÈ A EPI REDWI OZÒN DANJERE KI KOZE PA DEGAJMAN GAZ  
NAN IZIN ELEKTRIK YO**

*Pwopozisyon an Pral Dezafekte Izin Elektrik Ki Pi Sal yo Ki Fonksyone nan Jou  
Elektrisite Chaje yo*

*Li Ap Bay Bourad a Tranzisyon New York Ap Fè Pou Ale nan Enèji Renouvlab ak  
Estokaj Enèji Ki Pa Gen Anpil Kabòn yo*

*Sipòte Objektif ak Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a pou Diminye Degajman Gaz A  
Efè Sèr yo de 40 Pousan Apati 2030*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York lan te pibliye règleman ke yo pwopoze pou ka amelyore kalite lè a epi pwoteje sante piblik ak nouwèl kondisyon estrik yo sou izin elektrik ke yo itilize anpil yo. Pwopozisyon an pral redwi yon fason konsiderab degajman gaz ki soti nan izin elektrik ke yo itilize anpil yo ki ap fonksyone nan jou ki pi cho yo epi ki gen laplipa polisyon lè yo. Izin elektrik ki sal epi ki pa efikas sa yo se sous prensipal polisyon kabonik yo. Tranzisyon pou ale lwen yo se yon konpozan krisyal nan Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a ki ap mennen nan nasyon an. Règleman sa yo pral ede diminye degajman gaz a efè sèr yo de 40 pousan apati 2030 epi fè tranzisyon pou ale nan 100 pousan elektrisite pwòp apati 2040.

“Chajman klimatik yo se yon reyalite efreyan, epi pandan ke administrasyon federal lan plante tèt li anba sab, New York ap pran mezi pou pwoteje anviwònman nou an ak sante abitan nou yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Règleman ke yo pwopoze yo se yon etab krisyal pou ka retire izin elektrik ki pi ansyen epi ki pi sal yo nan zòn ki pi vilnerab nan Eta a yo, epi demontre lidèchip New York nan devlope yon ekonomi enèji pwòp ak kominote ki pi an sante pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

Propozisyon an pral etabli limit ki pi ba pou degajman gaz oksid nitwojèn yo (Nitrogen Oxides, NOx), ki kontribiye nan nivo ozòn oswa bwouya danjere yo pandan jou estival ki fè cho yo. Plizyè douzèn tibin konbisyon a sikl ak rejeneratif senp yo ki nan izin elektrik atravè eta a—anpil nan yo prèske pral gen 50 an epi yo pa fonksyone souvan — degaje gaz NOx nan nivo ki omwen 30 fwa plis pase degajman gaz nouvo tibin yo. Sepandan, lè yo ap fonksyone, tibin sa yo mete ansanm ka responsab pou plis pase yon tyè nan degajman gaz NOx nan izin elektrik kouran jounalye New York yo, pandan ke yo ap pwodwi mwens kouran pou konsomatè yo pase sous ki pi pwòp yo. An plis, yo souvan sitiye tou pre zòn [jistis anviwònmanal](#) yo.

Pou ka prezève yon rezo elektrik ki fyab, pwopozisyon an ap entegre kondisyon kontwòl yo soti 2023 rive 2025, sa ki ap pèmèt ke gen tan ase pou yon tranzisyon pou ale nan sous elekrisite ki pi pwòp yo. Li ap bay pwopriyetè izin yo tou yon opsyon pou yo ka respekte nouvo estanda estrik yo an pati atravè enstalasyon enèji renouvlab oswa estokaj enèji ki san degajman gaz yo. Estokaj yo ka redwi operasyon sous kouran ke yo itilize pa entèmitans sa yo nan deplwaye enèji lè ak kote li pi nesèsè yo, epi redwi degajman gaz NOx yo nan moman kote kalite lè a te ka antrave.

**Komisè DEC a, Basil Seggos, te di,** “Pwopozisyon sa a pral bay plizyè milyon moun New York lè ki pi pwòp epi ki pi bon pou sante yo pou yo respire, patikilyèman nan kominote ki sitiye tou pre izin elektrik ki pi ansyen epi ki pi sal nan Eta a yo. Li pral sipòte tou objektif Gouvènè a genyen ki ap mennen nan nasyon an pou fè tranzisyon nan yon ekonomi ki san kabòn”.

**John B. Rhodes, Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Eta New York lan, te deklare,** “Règleman DEC te pwopoze yo ap reprezante yon etap entelijan, pwogesis epi ki nesèsè pou redwi enpak ki nefas sou sante yo ki koze pa izin elektrik chaje ki sal. Rediksyon degajman gaz ki soti nan izin ki pi ansyen epi ki pi sal yo pral non sèlman amelyore kominote ki pi vilnerab pami nou yo, men tou li pral bay nouvo opòtinite pou ka pote solisyon pwòp inonvatif pou moun New York yo pou ka atenn objektif elekrisite pwòp, a pri abòdab ak fyab ke Eta a genyen yo”.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Sistèm estokaj enèji yo pèmèt nou optimize resous enèji renouvlab yo pandan ke yo ap redwi degajman gaz ki danjere yo epi amelyore rezistans rezo elektrik lan - ki yo tout se konpozan krisyal nan avni enèji pwòp New York lan. Rediksyon depandans nou sou izin elektrik ke yo itilize anpil yo atravè deplwaman estokaj enèji yo sa pral akselere nou pa rive akonpli vizyon Gouvènè Cuomo genyen ki ap mennen nan nasyon an pou rive gen yon sistèm elektrik ki 100 pousan san kabòn, epi pote avantaj pou sante ak sou plan anviwònmanal pou tout moun New York yo”.

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare,** “Toupatou atravè Eta a, kominote yo ap devlope enfrastrikti ki pi pwòp epi adopte abitud ki pi ekolojik yo ki ap ranfòse kalite lavi pou tout moun. Pwopozisyon sa a ap kenbe New York nan pi wo nivo estanda rediksyon degajman gaz yo, pou pwoteje anviwònman nou an epi gen yon enpak ki ap dire sou sante ak byennèt abitan yo pou ane ki gen pou vini yo”.

Yo ap pibliye pwopozisyon an jodi a nan Rejis Eta a epi li disponib sou <http://www.dec.ny.gov/regulations/116131.html>. DEC te planifye odyans piblik sou pwopozisyon an nan Albany nan dat 6 Me 2019; Long Island nan dat 13 Me 2019; ak Vil New York nan dat 14 Me 2019 epi yo pral resevwa kòmantè alekri yo jiska 5 p.m. nan dat 20 Me 2019.

## **Inisyativ sou Enèji Renouvlab nan New York Ki Ap Mennen nan Nasyon an**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a pral egzije dapre lalwa pou New York itilize enèji ki 100 pousan san kabòn apati 2040, ki se objektif ki pi agresif nan Etazini epi ki gen delè senk an avan yon sib eta California te adopte resaman. Pilye nouvo egzijans sa a se yon ogmantasyon konsiderab nan egzijans inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean

Energy Standard) ki reyisi nan New York la soti 50 pousan rive 70 pousan enèji elektrik renouvlab apati 2030. Ogmantasyon enèji renouvlab global san presedan sa a pral gen ladan:

- Kwadriple objektif enèji ewolyèn sou zòn pre rivaj New York la rive 9,000 megawat apati 2035, ki se yon ogmantasyon 2,400 megawat apati 2030;
- Double deplwaman enèji solè ke yo distribye yo rive 6,000 megawat apati 2025, ki se yon ogmantasyon 3,000 megawat apati 2023;
- Plis pase double nouvo resous ewolyèn ak solè a gran echèl tèrès yo atravè inisyativ Estanda Enèji Pwòp la;
- Maksimize kontribisyon ak potansyèl resous enèji renouvlab New York genyen deja yo; epi
- Deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030, ki se yon ogmantasyon 1,500 megawat apati 2025.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)